

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Tatar Sunda kasohor ku kajembaran budayana. Budaya anu sakitu lobana téh nyampak dina wengkuan adat-istiadat, sistem kapercayaan, sistem pangaweruh, basa, kasenian, jeung sajabana. Kabudayaan ngajanggélék dina rupa-rupa unsur budaya salah sahijina nyaéta unsur kasenian. Kasenian raket patalina jeung unsur kaéndahan, anu fungsina minangka média éksprési jeung kréativitas manusa. Hasil kréativitas éta, salah sahijina diébréhkeun dina wangun kasenian penca silat.

Penca silat mangrupa salah sahiji kasenian di Jawa Barat anu raket patalina jeung béla diri. Ieu kasenian disebut hiji budaya sabab penca mangrupa kabiasaan masarakat boh dina segi seni boh dina segi béla dirina. Nurutkeun Mulyana (2014, kc. 87), penca silat minangka réfléksi tina ajén-ajén budaya masarakat, nyaéta sistem budaya nu dipangaruhan ku alam sabudeureun, sarta teu bisa dipisahkeun tina aktivitas manusa. Penca silat mangrupa salah sahiji warisan budaya Indonésia anu kudu diraksa jeung diriksa, lantaran penca silat mangrupa salah sahiji alat pikeun *pemersatu* bangsa jeung idéntitas bangsa Indonésia.

Geus jadi hal anu umum, yén karya nu sifatna tradisi kurang ditarima ku masarakat. Kurangna minat masarakat kana penca silat ngabalukarkeun ieu kasenian téh kurang dipikaresep, nepi ka kiwari loba palaku seni nu teu apal kana ajén anu nyangkaruk dina kasenianna. Balukarna loba masarakat anu teu ngarti kana ajén-ajén anu nyangkaruk dina éta kasenian (Mardotillah & Zein, 2016, kc. 124). Diayakeunna ieu panalungtikan, dipiharep bisa ngawanohkeun deui penca silat ka masarakat, hususna masarakat di tatar Sunda tur bisa dijadikeun dokumén sangkan kasenian penca silat téh tuluy dipikawanoh. Salian ti éta, dipiharep ogé sangkan para nonoman bisa leuwih wanoh, resep, jeung miboga tarékah pikeun ngamumulé kasenian penca silat.

Kiwari, masih aya kénéh komunitas masarakat anu sadar pikeun ngaraksa jeung ngariksa kasenian penca silat, saperti Sanggar Seni Jamus Kalimasada dina Tepak Opat Cimandéan. Penca silat di Tatar Sunda lain mangrupa kasenian anu

langka, miboga wanda jeung aliran anu béda-béda di unggal daérahna. Sanggar Seni Jamus Kalimasada mibanda penca silat Tepak Opat Cimandéan. Salian jadi ciri has ti ieu sanggar, Tepak Opat Cimandéan mangrupa salah sahiji kabeungharan seni tradisonal warisan ti para karuhun. Ku kituna, kasenian penca silat mibanda hakékat jeung sarana atikan, boh atikan rohani boh jasmani. Tepak Opat Cimandéan miboga ajén-inajén, saperti ajén éstétika. Salian ti ajén éstétika, Tepak Opat Cimandéan ogé mibanda unsur tanda (sémiotik) anu nyangkaruk di jerona.

Geus jadi hal nu ilahar, yén dina kasenian tangtu ngandung ajén kaéndahan (éstétika) anu dirasakeun ku panitén. Luyu jeung éta hal, Kant (dina Sumardjo, 2010, kc. 289) nétélakeun yén éstétika leuwih fokus kana kasugemaan anu dirasakeun ku panitén (subjék) lain dina barang nu dirasakeun (objék). Éstétika mangrupa bagian tina filsafat (kaéndahan) anu asalna tina sawangan indera. Dina kamekaranna, semiotik minangka perangkat tiori nu digunakeun pikeun ngaguar kabudayaan manusa. Ieu hal luyu jeung pamadegan Preminger (dina Pradopo, 1999, kc. 76) nu nétélakeun yén semiotik mangrupa élmu tanda nu maluruh tur medar sosial budaya. Nurutkeun Van Zoest & Soekowati (dina Isnendes, 2010, kc. 95), sémiotik hartina élmuning tanda. Tanda hartina hiji hal anu ngawakilan hal séjén. Dina ieu panalungtikan, panalungtik ngagunakeun tiori sémiotika C. Sanders Peirce. Dumasar kana objékna, Peirce (dina Sobur, 2017, kc. 41) ngabagi tanda jadi tilu, nyaéta *icon* (ikon), *index* (indéks), jeung *symbol* (simbol). Saupama dipaluruh nepi ka intina mah, ajén éstétika jeung unsur sémiotik téh bisa dipaluruh tina unsur-unsur anu nyampak dina penca silat.

Salah sahiji tarékah pikeun ngawanohkeun Tepak Opat Cimandéan bisa ngaliwatan média pangajaran di sakola, salah sahijina ngaliwatan pangajaran maca artikel. Sakumaha anu katitén dina KIKD (Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar) taun 2017 mata pelajaran basa Sunda kelas XII SMA/MA/SMK, aya matéri ngeunaan artikel. KIKD mata pelajaran basa Sunda mangrupa program pikeun mekarkeun pangaweruh, kaparigelan basa, jeung sikep positif kana basa jeung sastra Sunda. Ku kituna, pangaweruh ngeunaan Tepak Opat Cimandéan bisa dicangking ngaliwatan pangajaran maca artikel basa Sunda di SMA kelas XII.

Aya sababaraha panalungtikan nu geus dilaksanakeun patali jeung penca silat, saperti: 1) “Ajén Éstétis dina Kasenian Penca Silat Cakar Kumbang Kencana di Kampung Nyingkir Désa Cihideung Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII” ku Tiya Komalasari taun 2013. 2) “Ajén Éstétika jeung Struktur Kasenian Kuda Bajir di Désa Hulungtiwu Kecamatan Panjalu pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di kelas XII SMA” ku Ana Krisdianana taun 2017. 3) “Struktur jeung Ajén Éstétis dina Kasenian Penca Silat Pusaka Medar Putri Domas Désa Cikahuripan Lembang Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA kelas XII”, ku Riyani Sukmana. 4) “Ajén Éstétis dina Penca Silat Maénpo Cikalong Padépokan Maénpo Cikalong di Kampung Warujajar Kelurahan Solokpandan Kecamatan Cianjur Kabupatén Cianjur pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan Kasenian di SMA Kelas XII”, ku Nistia Mawarni Fawzia. 5) “Éstétika dina Kasenian Penca Silat Paguron Mekar Pusaka Wangi di Kelurahan Geger Kalong Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA Kelas XII” ku Firman Sidik taun 2017.

Panalungtikan di luhur sarua medar ngeunaan penca silat, tapi can aya anu nalungtik ngeunaan Tepak Opat Cimandéan di Sanggar Seni Jamus Kalimasada ditilik tina ulikan éstétika sarta sémiotikna, anu hasilna dilarapkeun pikeun bahan pangajaran maca artikel. Ku lantaran kitu, panalungtikan ngeunaan “Ajén Éstétika jeung Unsur Sémiotik dina Tepak Opat Cimandéan Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di Kelas XII SMA” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

- a. Kumaha déskripsi Tepak Opat Cimandéan?
- b. Kumaha ajén éstétika nu nyampak dina Tepak Opat Cimandéan?
- c. Unsur sémiotik naon waé nu nyangkaruk dina Tepak Opat Cimandéan?
- d. Kumaha larapna Tepak Opat Cimandéan jadi bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngawengku dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaguar ajén éstétika sarta unsur sémiotik dina Tepak Opat Cimandéan di Sanggar Seni Jamus Kalimasada. Ieu hal jadi salah sahiji budaya anu dipimilik ku masarakat tatar Sunda pikeun dilarapkeun jadi bahan pangajaran maca artikel di SMA Kelas XII.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun sawatara hal anu ditétélakeun di handap.

- a. Ngadéskripsikeun Tepak Opat Cimandéan.
- b. Ngaguar ajén éstétika jeung unsur sémiotik anu nyangkaruk dina Tepak Opat Cimandéan.
- c. Ngalarapkeun hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawéngku kana opat aspék, nyaéta: 1) mangpaat tina segi teoritis, 2) mangpaat tina segi kawijakan, 3) mangpaat tina segi praktis, jeung 4) mangpaat tina segi isu jeung aksi sosial.

1.4.1 Mangpaat tina segi Téoritis

Mangpaat teoritis tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambahan jeung mekarkeun élmu pangaweruh ngeunaan kasenian dina kabudayaan Sunda anu can loba dipikanyaho tur kawéntar, ogé salaku bahan atawa sumber acuan pikeun panalungtikan kahareupna.

1.4.2 Mangpaat tina Segi Kawijakan

Mangpaat kawijakan tina ieu panalungtikan nyaéta dipiharep bisa jadi tinimbangan Pamaréntah daérah, Dinas Pendidikan, jeung Kabudayaan keur kahareupna sangkan ieu panalungtikan bisa dijadikeun salah sahiji pangajaran ékstra boh di sakola formal boh informal.

1.4.3 Mangpaat tina Segi Praktis

Sacara praktis, dipiharep ieu panalungtikan miboga sababaraha mangpaat, saperti ditétélakeun di handap.

1) Mangpaat pikeun Guru

Nambahan référénsi jeung bisa jadi alternatif pikeun guru milih jeung ngangtukeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII. Ieu panalungtikan minangka hiji tarékah guru basa Sunda pikeun ngawanohkeun jeung ngamumulé kabudayaan anu aya di tatar Sunda.

2) Mangpaat pikeun Siswa

Minangka tarékah pikeun siswa sangkan mikawanoh jeung ngamumulé kabudayaan anu aya di tatar Sunda, ngaliwatan pangajaran maca artikel basa Sunda.

3) Mangpaat pikeun Panalungtik

Ieu panalungtikan bisa méré pangaweruh jeung pangalaman ka panalungtik salaku calon pendidik, sarta ngalatih panalungtik milih jeung nangtukeun bahan pangajaran.

1.4.4 Mangpaat tina Segi Isu jeung Aksi Sosial

Mangpaat tina segi isu jeung aksi sosial ieu panalungtikan bisa dijadikeun sumber pangaweruh masarakat nu didadasaran ku kaarifan lokal, salah sahijina penca silat Tepak Opat Cimandéan kalayan tetep dijaga jeung diwariskeun ka turunanana sangkan teu leungit dina kahirupan masarakat jaga.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab nyaéta Bab I, Bab II, Bab III, Bab IV, jeung Bab V, anu bisa diwincik saperti ieu di handap.

Bab I medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika tulisan.

BAB II medar ngeunaan tiori-tiori anu dijadikeun dadasar panalungtikan. Tiori-tiori anu dipedar ngawengku éstétika, penca silat, sémiotik, bahan pangajaran maca artikel, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

BAB III medar ngeunaan metode panalungtikan nu ngawengku desain panalungtikan, sumber panalungtikan, lokasi panalungtikan, subjek

panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

BAB IV medar ngeunaan déskripsi Tepak Opat Cimandéan. Hasil analisis data ngagunakeun ulikan éstétika jeung sémiotik dina Tepak Opat Cimandéan anu aya di Sanggar Seni Jamus Kalimasada, sarta larapan jadi bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII.

BAB V mangrupa bab pamungkas anu eusina kacindekkan hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékoméndasi.